

Nou se
TEMWEN
li

8 Jen, 2025

Chè Sè m yo ak frè m yo nan Kris la,

Lapè Kris la redanmtè nou an avèk ou !

Mwen ekri nou jodi a kòm yon temwen sou jan ou gen yon lafwa ki solid, renmen ou pou Legliz la, ak gwo divèsite ki fè Achidyosèz nou an parèt tankou yon siy lespwa.

Men, reyalite n'ap fè fas ak yo kòm Legliz Katolik nan Achidyosèz Nouwak la yo alafwa ijan e ni tou nou pa fè konmsi yo pa egziste: manm pawas nou yo, kantite moun ki vin patisipe nan lamès nou you, ansanm ak kantite moun ki patisipe nan Sakreman diminye. Kantite prèt ki pou sèvi kòm Kire ap diminye. Epi toujou, popilasyon nan rejyon nou an kontinye ap grandi, sa ki ofri yon nouvo teren ki fèt pou evanjelizasyon.

Mwen kwè Lespri Sen an a ap envite nou nan yon bagay ki nouvo.

Jodi a, m'ap anonse nou yon inisyativ achidyosezen ki rele « Nou se Temwen l yo », sa vle di : « Nou se Temwen Jezi yo. Sa a se pa tou senpleman yon lòt pwogram. Li se yon pelerinaj nan renouvèlman-yon pelerinaj ki ap mande nou chak pou disène, chèche konprann, chèche wè klè avèk kouraj, imilite e ak lafwa ki kote Bondye ap dirije nou.

Ansanm, n'ap reflechi sou twa kesyon esansyèl:

- 1. Ki kote nou ye kounye a?**
- 2. Kote Bondye ap rele nou?**
- 3. Kòman nou pr'al rive la ansanm?**

Efò sa a pr'al konsantre sou ki jan pou nou evanjelize, pou nou pran swen youn ak lòt nan pawas nou yo, epi asire nou pawas nou yo dyanm enpi yo ka kontinye kanpe pou lavni. Demach sa a mande pou nou fè yon evalyasyon ki onèt ni sou jan n'ap fonksyone kounyeya ni sou estrikti nou genyen ki anplas yo. Gen kèk ministè ki pr'al mande pou nou renouvle yo ; kèk pawas ka mande chanje nan jan y'ap fonsyone. Apre yon sèten tan, li pr'al nesesè swa

pou nou fizyone pawas yo oubyen pou nou fèmen yo. Konvèsasyon sa yo ak desizyon sa yo pap toujou fasil, men kòm manm yon sèl kò a — ki se Legliz la - n ap apiye youn lòt pandan tout tan pelerinaj sa a.

Pou gide jefò sa a, mwen te mande Evèk Michael Saporito ansanm ak yon Komisyon Planifikasyon nan Achidysèz la pou kolabore ak Kire yo ansanm ak lidè pawas yo atravè kat konte nou yo (Hudson, Bergen, Essex, ak Union). Men, siksè inisyativ sa a depann de nou chak. Mwen ta renmen tande nou.

Nou deja kòmanse pandan n'ap koute pa lantremiz yon sondaj yo rele Endèks pou fè Disip Yo ---epi n'ap kontinye koute toujou nan mwa kap vini yo. Mwen envite nou pou nou patisipe nan pelerinaj sa a. W'ap aprann plis sou demach sa si w'al gade sou sit entènèt sa a WeAreHisWitnesses.org, kote ou pr'al jwenn yon mesaj videyo byen kout mwen prezante ansanm ak dènye enfòmasyon sou kouman n'ap avanse.

Zanmi m yo, nou pa poukont nou. Nou se temwen li—li rele nou pou nou pwoklame Kè Kontan Levanjil la nan yon mond ki bezwen li plis pase tout tan. Mwen mande nou pou nou fè yon sèl ak mwen nan travay sakre sa a. An nou mache e vanse pou pi devan nan lafwa, pandan Lesprisen ap gide nou, e fè nou fè yon sèl nan lesperans.

Se pou Bondye beni nou ansanm ak moun ki chè pou nou.

Se ak tout kè mwen mwen ekri w, nan nou Kris la, Redanmtè nou an,

Kadinal Jozèf W. Toben, CS.Ss.R. Achèvèk Nouwak.